«ГIункIкIги вараниги»

Цо нухалъ авлахъалда гIункIкIги вараниги данделъун руго.

ГIонкIкIода ракIалде ккун буго жиндихъего гьоболлъухъ варани ахIизе ва билълъаян абун буго.

Варанияль абун буго билълъун жо ккеларин, жиб жиндирго нухда ине теян.

Гьелъухъги гIенеккичIого , гIонкIкIоца хIалица бачун буго гьеб.

Щун руго гIонкIкIол каратI бугеб бакIалде ва гIункIкI лъугьун буго варани жиндирго картIинибе цазе.

КигIан кутакалда гIонкIкIоца цIаниги , вараниялда кIун гьечIо гьелъун картIинисан жанибе лъугьине.

Гьобол вихьун рукъ гьабе, рукъ бихьун гьобол ахIе! – ян абунила варанияль гIонкIкIода.